

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**


Métode asalna tina basa Latin nyaéta *methodos* anu diwangun tina kecap meta jeung hodos. Méta hartina nuju, ngaliwatan, nuturkeun, sedengkeun hodos hartina jalan, cara, arah. Jadi sacara gembleng *methodos* ngandung harti cara anu digunakeun. Dina harti nu leuwih lega métode mangrupakeun cara-cara atawa strategi anu dipaké dina maham kana *realitas*, *lénkah-lénkah* sistematis pikeun méréskeun runtusan *sebab-akibat* saterusna (Ratna, 2013, kc 34).

Métode anu digunakeun dina ieu panaluntikan nya éta métodé deskriptif analisis. Métode déskriptif analisis dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta nu satuluyna di analisis (Ratna, 2012, kc 53). Ngaliwatan ieu métode, panalungtik baris ngadéskripsikeun, ngagambarkeun, jeung ngajéntrékeun kajadian atawa faktafakta anu aya dina karya sastra jeung data-data anu kapanggih dumasar hasil analisis nepi ka bisa nyieun kacindekan tina ieu panalungtikan. Ari nu jadi data dina ieu panalungtikan nya éta struktur carita (fakta carita, téma, jeung sarana sastra) jeung ajén-ajén étnopedagogik anu kaeunteung dina dongéng-dongéng Si Kabayan.

#### **3.1 Desain Panalungtikan**

Desain panalungtikan nyaeta desain anu dirarancang pikeun ngajawab atawa ngajelaskeun pasualan-pasualan dina panalungtikan. Nurutkeun Arikunto (2010, kc 175) desain panalungtikan nyaéta rarancang anu nuduhkeun gambaran utama ngeunaan hal anu baris dilakukeun. Desain panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan diébréhkeun saperti dina bagan ieu dihandap

**Bagan 3.1**  
**Desain Panalungtikan**



### 3.2 Sumber Data

Sumber data panalungtikan nyéta subjék data-data panalungtikan anu dicangking ku panalungtik (Arikunto, 2010, kc 172). Dina meunangkeun data dongéng aya dua sumber, nyaéta data primér jeung data sékunder. Data primér nya éta data atawa dongéng anu asalna ti panutur asli ngaliwatan lisan, sedengkeun data sékunder nya éta dongéng-dongéng anu geus ditransformasikeun kana tulisan. Sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta sumber data sékunder nyaéta dongéng-dongéng Si Kabayan tina buku kumpulan dongéng Si Kabayan. Anapon datana dipedar dina ieu tabél dihandap:

Faryono, 2017

DONGENG SI KABAYAN KARANGAN M.O.KOESMAN

PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA DONGENG DI SMA

universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

**Tabél 3.1**  
**Judul-judul Dongéng Si Kabayan**

| No | Judul Dongéng                       |
|----|-------------------------------------|
| 1  | <b>Si Kabayan Ngalalana</b>         |
| 2  | <b>Si Kabayan Ngaronda</b>          |
| 3  | <b>Si Kabayan Ngala Tutut</b>       |
| 4  | <b>Si Kabayan Ngala Nangka</b>      |
| 5  | <b>Si Kabayan Ngimpi</b>            |
| 6  | <b>Si Kabayan Ngadeupaan Lincar</b> |
| 7  | <b>Si Kabayan Loba Hutang</b>       |
| 8  | <b>Si Kabayan Paréa-réa Omomg</b>   |
| 9  | <b>Si Kabayan Moro Uncal</b>        |
| 10 | <b>Si Kabayan Dagang Nangka</b>     |

### 3.3 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc 203) instrumén nya éta pakakas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan leuwih gampang sarta meunang hasil anu hadé dina harti taliti, lengkep, jeung sistematis. Lantaran ieu panalungtikan ngagunakeun métode deskriptif analisis, instrumén anu diperlukeun nya éta pedaran analisis jeung kartu data. Pedoman analisis digunakeun pikeun tatapakan dina prosés analisis jeung déskripsi data, sedengkeun kartu data digunakeun pikeun ngumpulkeun data anu aya dina sumber data. Instrumén dina ieu panalungtikan bisa katitén saperti ieu dihandap.

**Tabél 3.2**  
**Pedoman Analisis**

| No | Aspek Analisis            | Keterangan   |
|----|---------------------------|--|
| 1  | Analisis struktur dongéng | Nganalisis téks dongéng-dongéng Si Kabayan dumasar kana strukturna (téma, fakta carita, sarana carita) |
| 2  | Analisis étnopédagogik    | Nganalisis ajén étnopédagogik tina téks dongéng-dongéng Si Kabayan                                     |
| 3  | Bahan Pangajaran          | Hasil analisis dijadikeun bahan pangajaran   |

**Tabél 3.3**  
**Kartu Data Téhnik Interprétasi Struktural**

|   |
|---|
| “ ..... ” (BKD/ Judul Dongéng/ Kaca/Alinea) |
| <b>Aspek Struktur Carita :</b>              |
| <b>Téma</b> :                               |
| <b>Fakta Carita</b> :                       |
| Galur :                                     |
| Karakter :                                  |
| Latar :                                     |
| <b>Sarana Sastra</b> :                      |
| Judul :                                     |
| Puseur Implengan :                          |
| Gaya & tone :                               |
| Simbolisme :                                |
| Ironi :                                     |

**Tabél 3.4**  
**Kartu Data Téhnik Interprétasi Étnopédagogik**

|   |
|---|
| <p>“ ..... ” (BKD/ Judul Dongéng/ Kaca/Alinea)</p> <p><b>Moral Manusa</b></p> <ul style="list-style-type: none"> <li><b>1) Moral manusa ka pangéran</b></li> <li><b>2) Moral manusa ka pribadi</b></li> <li><b>3) Moral manusa ka manusa</b></li> <li><b>4) Moral manusa ka alam</b></li> <li><b>5) Moral manusa kana waktu</b></li> <li><b>6) Moral manusa dina ngudag kasugemaan lahiriah jeung batiniah</b></li> </ul> |
|---|

### 3.4 Téhnik Panalungtikan

Téhnik Panalungtikan téh digunakeun pikeun maluruh jeung nganalisis data nu nyampak dina dongéng Si Kabayan. Ari teknik nu digunakeunna nyaéta téhnik analisis data, téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik interprétasi.

#### 3.4.1 Téhnik Analisis Data

Téhnik analisis data téh nangtukeun data jeung maluruh data anu raket patalina jeung struktur anapon ajén étnopédagogik dina dongéng-dongéng Si Kabayan. Ari struktur carita nu dipaluruh téh nyaéta téma carita, fakta carita (galur, karakter, jeung latar), jeung sarana sastra (judul, puseur implengan, gaya, jeung *tone*, simbolisme, jeung ironi). Ari ajén étnopédagogik anu dipaluruh nya éta ngeunaan moral kamanusaan.

#### 3.4.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta studi pustaka. Téhnik studi pustaka dina ieu panalungtikan maksudna nyaéta telaah literasi ngeunaan bahan kajian jeung objék panalungtikan. Téhnik studi pustaka dina

ieu panalungtikan digunakeun pikeun nyangking objék panalungtikan anu sumberna tina literasi jeung néangan sumber tur tiori anu ngarojong kana panalungtikan.

### **3.4.3 Téhnik Interpretasi**

Téhnik interprétasi digunakeun pikeun maluruh jeung napsirkeun eusi carita dumasar kana tatapakan jeung pamarekan strukturalisme katut étnopédagogik.

### **3.5 Téhnik Analisis Data**

Data anu geus dikumpulkeun tur lengkep, tuluy dianalisis pikeun didéskripsiun sangkan bisa dijieun kacindekan panalungtikan. Ari lengkah-lengkah analisis data dina ieu panalungtikan saperti ieu dihandap:

- 1) Niténan deui data nu geus dikumpulkeun;
- 2) Nyieun papasingan data dongéng dumasar kana;
  - (1) Struktur carita ngawengku, téma carita, fakta carita (galur, karakter, jeung latar), jeung sarana sastra (judul, puseur implengan, gaya jeung *tone*, simbolismime, jeung ironi).
  - (2) Ajén étnopedagogik moral kamanusaan: moral manusa ka Pangéran, moral manusa ka pribadi, moral manusa ka manusa, moral manusa ka alam, moral manusa kana waktu, jeung moral manusa dina ngahontal kapuasan lahiriah jeung batiniah.
- 3) Nganalisis dongéng-dongéng Si Kabayan dumasar kana struktur carita jeung ajén étnopédagogik;
- 4) Ngadéskripsiun dongéng-dongéng Si Kabayan dumasar struktur carita jeung ajén étnopédagogik; jeung
- 5) Napsirkeun jeung nyieun kacindekan struktur jeung ajén étnopedagogik.